# Depatman Sante ak Sèvis Imen
## Administrasyon pou Timoun ak Fanmi

# Avi pou Sibvansyon
Sibvansyon #2101NYCSC6
FAIN# 2101NYCSC6
Dat Sibvansyon Federal la: 14 avril 2021

## Enfòmasyon sou Benefisyè an

**1. Non Benefisyè an**
New York
Capital View Park
South Building, Room 204
RENSSELAER, NEW YORK 12144

**2. Distri Elektoral Benefisyè an**
*Gade Remak yo

**3. Nimewo Kont ak Kategori Pèman an**
*Gade Remak yo

**4. Nimewo Idantifikasyon Patwon an (Employer Identification Number, EIN)**
1146013200W1

**5. Sistèm Nimewotasyon Inivèsèl Done yo (Data Universal Numbering System, DUNS)**
042387717

**6. Idantifyan Inik Antite Benefisyè an**
*Gade Remak yo

**7. Direktè Pwojè oswa Envestigatè Prensipal**
Administratè Sibvansyon

**8. Reprezantan Otorize**
*Gade Remak yo

## Enfòmasyon sou Ajans Federal yo

**9. Enfòmasyon Kontak Ajans Sibvansyon an**
Christopher Felton
Ajan Administrasyon Sibvansyon an
christopher.felton@acf.hhs.gov
617-565-2443

**10. Enfòmasyon Kontak Responsab Pwogram lan**
Ellen Wheatley
Kalite Gadri:
ellen.wheatley@acf.hhs.gov
202-401-4558

## Enfòmasyon sou Sibvansyon Federal yo

**11. Kantite Sibvansyon yo**
2101NYCSC6

**12. Nimewo Idantifikasyon Inik pou Sibvansyon Federal (Unique Federal Award Identification Number, FAIN)**
2101NYCSC6

**13. Otorite Legal:**
Lwa Plan Sekou Ameriken an (American Rescue Plan Act, ARPA) 2021 [P.L. 117-002]

**14. Tit Pwojè Sibvansyon Federal la**
*Gade Remak yo

**15. Nimewo Katalòg Asistans Nasyonal Federal la (Catalog of Federal Domestic Assistance, CFDA)**
93.575

**16. Tit Pwogram CFDA an**
Sibvansyon Global pou Devlòpman ak Sèvis Gadri pou Timoun

**17. Kategori Pwosedi Sibvansyon an**
Nouvo

**18. Èske Sibvansyon an antre nan kad Rechèch ak Devlòpman?**
*Gade Remak yo

| Bilan Sibvansyon Federal la | Enfòmasyon Finansyè |
|---|---|
| **19. Dat Kòmansman Peryòd Bidjè an** 1ye oktòb 2020 | **Dat pou li Fini** 30 septanm 2023 |
| **20. Kantite Total Fon Federal ki dekese pou Pwosedi sa** | $1,124,501,000.00 |
| 20a. Kantite Depans Dirèk yo | *Gade Remak yo |
| 20b. Kantite Depans Endirèk yo Konpansasyon Administratif la | *Gade Remak yo |
| 21. Transfè Otorize | *Gade Remak yo |
| 22. Konpansasyon | *Gade Remak yo |
| 23. Kantite Total Fon Federal ki dekese pou Peryòd Bidjè sa | $1,124,501,000.00 |
| **24. Kantite Total Pataj Depans oswa Kontribisyon ki Apwouve an, kote sa aplikab yo** | *Gade Remak yo |
| **25. Kantite Sibvansyon Federal ak Sibvansyon ki pa Federal yo Apwouve** | *Gade Remak yo |
| **26. Dat Kòmansman Peryòd Bidjè an** 1ye oktòb 2020 - | **Dat pou li Fini** 30 septanm 2023 |
| 27. Kantite Total Sibvansyon Federal la ansanm ak Pataj Depans oswa Kontribisyon ki Apwouve an | *Gade Remak yo |

**28. Trètman Otorize Revni Pwogram lan**
*Gade Remak yo

**29. Ajan Administrasyon Sibvansyon an - Siyati**

Esign

## Nòt Anba Paj

Christopher Felton
Ajan Administrasyon Sibvansyon an

Sibvansyon sa se pou Fon Estabilizasyon Sèvis Gadri ARP yo.

# Depatman Sante ak Sèvis Imen
Administrasyon pou Timoun ak Fanmi

Avi pou Sibvansyon
Sibvansyon #2101NYCSC6
FAIN# 2101NYCSC6
Dat Sibvansyon Federal la: 14 avril 2021

## Enfòmasyon sou Benefisyè an

New York
Capital View Park
South Building, Room 204
RENSSELAER, NEW YORK 12144

**Nimewo Idantifikasyon Patwon an (Employer Identification Number, EIN):** XXXXXXXXXXXX

**Sistèm Nimewotasyon Inivèsèl Done yo (Data Universal Numbering System, DUNS)**
042387717

**Idantifyan Inik Antite Benefisyè an** *Gade Remak yo

**Kategori Pwodui an:** 41.15

## Enfòmasyon Finansyè

| Apwopriyasyon | CAN | Alokasyon | Konpanse aksyon sa a | Sibvansyon Akimile | Nimewo Dokiman an. | Finansman: |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 75-21-1515 | 2021,G990238 | | $1,124,501,000.00 | $1,124,501,000.00 | 2101NYCSC6 | Diskresyonè |

## Tèm ak Kondisyon

**Depatman Sante ak Sèvis Imen**
Administrasyon pou Timoun ak Fanmi

Avi pou Sibvansyon
Sibvansyon #2101NYCSC6
FAIN# 2101NYCSC6
Dat Sibvansyon Federal la: 14 avril 2021

TÈM AK KONDISYON ADISYONÈL

Tèm ak Kondisyon Jeneral yo aplike ak tout pwogram sibvansyon obligatwa yo, sa ki genyen ladan l sibvansyon fòmil ak sibvansyon global yo, nan tèm dokiman sa a, epi yo disponib nan lyen sa: https://www.acf.hhs.gov/grants/mandatory-formula-block-and-entitlement-grants.. Tèm ak Kondisyon Siplemantè sa yo se egzijans adisyonèl ki aplikab ak pwogram yo site pi wo an.

Lè l asepte sibvansyon pou pwogram sa, Ajans Prensipal la asepte pou li konfòme ak egzijans ki gen pou wè ak Tèm ak kondisyon Siplemantè ak Jeneral pou pwogram sa. Si yon antite pa konfòme li ak tèm ak kondisyon sa yo, sa kapab lakòz li pèdi opòtinite pou resevwa fon Federal yo epi yo kapab itilize sa pou rive nan anilasyon oswa sispansyon sibvansyon sa.

Administrasyon pou Timoun ak Fanmi yo nan Biwo Sèvis Gadri (Office of Child Care, OCC)

FON ESTABILIZASYON SÈVIS GADRI POU TIMOUN YO LWA SOU PLAN SEKOU AMERIKEN AN
Nimewo Anrejistreman Fon Asistans Sibvansyon pou Sèvis Gadri ak Devlòpman an [93.575]

LEJISLASYON, LWA AK RÈGLEMAN APLIKAB YO

1. Administrasyon pwogram sa limite ak:
   - Egzijans Legal Lwa sou Plan Sekou Ameriken an (American Rescue Plan, ARP) [P.L. 117-2] (https://www.congress.gov/117/bills/hr1319/BILLS- 117hr1319enr.pdf).
   - Lwa sou Sibvansyon Global pou Devlòpman ak Sèvis Gadri pou Timoun (Child Care and Development Block Grant, CCDBG) lan ak règleman ki konekte ak li yo
     a. Lwa CCDBG an defini legalman nan seksyon 42 U.S.C. §9857 et seq., an
     b. Règleman aplikasyon pwogram yo disponib nan Tit 45 CFR Pati 98 ak 99 (https://ecfr.federalregister.gov/current/title-45/subtitle-A/subchapter-A/part-98 and https://ecfr.federalregister.gov/current/title-45/subtitle-A/subchapter-A/part-99).
   - Dispozisyon plan aktyèl la ki gen apwobasyon administrasyon Eta, Teritwa oswa Tribi an, jan sa aplikab la, ansanm ak tout modifikasyon oswa revizyon ki apwouve yo.

2. Jan yo presize sa nan memorandòm enfòmasyon sou fon estabilizasyon sèvis gadri pou timoun yo daprè Lwa ARP an (ki disponib sou sit entènèt OCC an nan www.acf.hhs.gov/occ), fon sa yo limite ak tout egzijans non obligatwa CCDF yo, sof nan jan yo presize sa. Ajans Prensipal yo kapab itilize fon Estabilizasyon Sèvis Gadri yo pou distribiye sibvansyon segondè bay founisè sèvis gadri yo daprè kantite depans fonksyonnman aktyèl founisè an deklare li genyen. Yon founisè sèvis gadri pou timoun kapab itilize fon yo pou omwen youn nan aktivite ki pi ba yo:
   - Depans pou anplwaye yo, tankou pèman ak salè oswa konpasasyon ki sanblab pou yon anplwaye (tankou nenpòt pwopriyetè inik oswa kontraktan endepandan), avantaj pou anplwaye, pèman prim oswa depans pou rekritman ak fidelizasyon anplwaye.
   - Lwaye (tankou nan kad yon kontra lweyaj) oswa pèman yon obligasyon ipotèk, sèvis piblik oswa asirans; Antretyen oswa amenajman oswa kouvèti asirans pou etablisman an.
   - Ekipman pwoteksyon pèsonèl, ekipman ak sèvis netwayaj ak ijyèn piblik, oswa fòmasyon ak devlòpman pwofesyonèl ki gen rapò ak pratik sante ak sekirite
   - Acha oswa mizajou ekipman ak founiti pou entèvni nan kad ijans piblik COVID-19 la.
   - Byen ak sèvis ki nesesè pou kontinye oswa pou rekòmanse ak sèvis gadri yo.
   - Sipò ki gen rapò ak sante mantal pou timoun ak anplwaye yo.

3. Egzijans Administrasyon pou Inifòm la, Prensip Depans yo, ak Egzijans Odit yo pou Sibvansyon HHS yo disponib nan Tit 45 CFR Pati 75 lan. Nan konfòmite ak Tit 45 CFR §75.101(d) lan, se sèlman seksyon limite règleman Federal ki nan Tit 45 CFR Pati 75 yo ki aplikab ak pwogram CCDF yo.
   - Pati Segondè A an, “Sig ak Definisyon yo”, kontinye aplikab.
   - Pati Segondè B an, “Dispozisyon Jeneral yo”, kontinye aplikab.
   - Pati Segondè C an, “Egzijans Anvan Sibvansyon yo,” Pa Aplikab sof §75.202 ki ap rete aplikab ak ajans Federal Sibvansyon an.
   - Pati Segondè D an, “Egzijans Aprè Sibvansyon yo,” Pa Aplikab sof §§75.351-.353 ap rete aplikab.
   - Pati Segondè E an, “Prensip Depans yo” Pa aplikab totalman, sof jan yo presize sa nan Tit 45 CFR §98.84.
   - Pati Segondè F lan, “Egzijans Odit yo” kontinye aplikab (ranplase dispozisyon nan Sikilè A-133 OMB an).

4. Nan konfòmite ak Tit 45 CFR 87.2(b) an, dispozisyon règleman Federal ki nan Tit 45 CFR Pati 87 yo pa aplikab ak pwogram CCDF yo totalman.

5. Gen lòt règleman aplikab ak egzijans adisyonèl ki disponib nan Tèm ak Kondisyon Jeneral Finansman an: Sibvansyon Fòmil, Global ak Dwa.

PATAJ DEPANS OSWA KONTRIBISYON (PATAJ NON FEDERAL) OSWA FINANSMAN PWOGRAM

6. Yo dwe itilize fon yo pou konplete, men pa pou ranplase lòt fon piblik Federal, Eta an, lokal ki pwolonje pou ofri sèvis gadri pou timoun pou moun ki kalifye yo.

7. Yo pa kapab itilize fon sibvansyon sa yo pou reponn ak egzijans kontribisyon lòt pwogram sibvansyon Federal yo.

Eta ak Teritwa yo

8. Pou Eta ak Teritwa yo, yo distribiye fon Estabilizasyon pou pwogram sa yo ak yon pousantaj 100 pousan Patisipasyon Finansye Federal (Federal Financial Participation, FFP) pou depans pwogram yo, sa ki vle di yon kontribisyon non federal nan finansman pwogram lan pa obligatwa pou pwogram sa (sètadi, pa gen kontribisyon Eta an oswa Teritwa an ki obligatwa).

Tribi yo

9. Pou Tribi yo, yo distribiye fon Estabilizasyon pou pwogram sa yo ak yon pousantaj 100 pousan Patisipasyon Finansye Federal (Federal Financial Participation, FFP) pou depans pwogram yo, sa ki vle di yon kontribisyon non federal nan finansman pwogram lan pa obligatwa pou pwogram sa (sètadi, pa gen kontribisyon Tribi an ki obligatwa).

RAPÒ AK EGZIJANS ENFÒMASYON FINANSYÈ

10. Fon federal yo distribiye nan kad sibvansyon sa yo dwe pwolonje pou rezon yo te bay yo an.

11. Pwosedi kontabilite ak fiskal chak moun ki resevwa sibvansyon yo dwe apwopriye pou pèmèt yo prepare rapò obligatwa yo ak suivi depans yo nan yon nivo ki nesesè pou detèmine si yo pa t itilize fon Federal yo nan vyolasyon tèm ak kondisyon yo.

12. Limit Depans Administratif yo.
    - Limit Depans Administratif regilye CCDF la (5 pousan pou Eta ak Teritwa yo, 15 pousan pou Tribi yo) pa aplike ak fon Estabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun yo daprè lwa ARP an.
    - Eta ak Teritwa yo dwe rezève omwen 10 pousan nan fon stabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun yo pou yo administre sibvansyon segondè yo, ofri asistans teknik ak sipò pou aplike nan epi jwenn aksè nan opòtinite sibvansyon segondè an, afiche disponibilite sibvansyon segondè yo, vini ak aktivite pou ogmante òf sèvis gadri pou timoun lan, epi ofri asistans teknik pou ede founisè sèvis gadri pou timoun yo.
    - Tribi yo dwe rezève omwen 20 pousan nan fon stabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun yo pou yo administre sibvansyon segondè yo, ofri asistans teknik ak sipò pou aplike nan epi jwenn aksè nan opòtinite sibvansyon segondè an, afiche disponibilite sibvansyon segondè yo, vini ak aktivite pou ogmante òf sèvis gadri pou timoun lan, epi ofri asistans teknik pou ede founisè sèvis gadri pou timoun yo. Kantite debaz CCDF yo ofri antanke fon estabilizasyon yo a antre nan kalkil kantite ki anba limit depans administratif sa.

13. Egzijans Depans Kalite yo (daprè Tit 658G of the CCDBG Act; 45 CFR 98,53) ak egzijans depans nan kad sèvis dirèk yo (daprè Tit 658E(c)(3)(D) and (E) nan lwa CCDBG an; 45 CFR 98.50(f) ak (g)) yo pa aplike ak fon Estabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun yo.

14. Jesyon Rapò. Fon sa yo anba kontwòl egzijans jesyon rapò nan tout administrasyon an epi nan sa ki gen pou wè espesyalman ak CCDF. OCC pral bay plis direktiv nan sa ki gen pou wè ak egzijans nan kad jesyon rapò sou sit entènèt li an nan www.acf.hhs.gov/occ epi sou sit entènèt resous santralize ACF COVID-19 la nan https://www.acf.hhs.gov/coronavirus.

15. Dat limit Obligasyon/Likidasyon an.
    - Fon Estabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun yo dwe depanse anvan dat 30 septanm 2022 an epi yo dwe likide anvan dat 30 Septanm 2023. ACF ap rekipere nenpòt fon federal ki sòti nan sibvansyon sa ki pa depanse oswa likide anvan dat limit ki afiche pi wo yo. Fon ki anba kontwòl Lwa ARP yo anba pwoteksyon pwosesis reyalokasyon an daprè Tit 45 CFR 98.64(b) an pou Eta yo ak Pòtoriko epi 45 CFR 98.64(d) pou Tribi yo. Epi tou, Eta an, Teritwa an oswa Tribi an dwe fè ACF konnen si li pa kapab depanse omwen 50 pousan nan fon Estabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun lan anvan dat 11 Desanm 2021.

RAPÒ PWOGRAM LAN

16. Jesyon Rapò. Fon sa yo anba kontwòl egzijans jesyon rapò nan tout gouvènman an epi nan sa ki gen pou wè espesyalman ak CCDF. OCC pral bay plis direktiv sou egzijans rapò yo sou sit entènèt li an nan www.acf.hhs.gov/occ.

RAPÒ SOU PWOPRIYETE REYÈL

17. OCC pral bay plis direktiv sou egzijans rapò sou pwopriyete reyèl yo sou sit entènèt li an nan www.acf.hhs.gov/occ. Direktiv sou Pwopriyete ACF lan disponib sou https://www.acf.hhs.gov/grants/real-property-and-tangible-personal-property.

PERYÒD ANTRE ANVIGÈ (MIZANPLAS LA)

18. Tèm ak Kondisyon pwogram sa yo anvigè nan dat ki afiche an nan maj la nan pati anba paj la epi li ap rete anvigè jiskaske yo mete l ajou. Yo ap mete yo ajou epi afiche yo yon lòt fwa sèlman nan fason sa nesesè an nenpòt lè yon nouvo lwa, règleman oswa egzijans ki gen pou wè ak yon pwogram vin an fonksyon oswa nenpòt lè yo amande, revize, modifye oswa youn nan lwa, règleman, politik, pwosedi, oswa anile restriksyon Federal aplikab epi aktyèl yo.

PWEN KONTAK YO

19. Ou dwe adrese pwen kontak pou enfòmasyon oswa kesyon adisyonèl konsènan swa fonksyonnman pwogram lan oswa zafè finansye oswa ki gen pou wè ak sibvansyon yo ak Espesyalis Sibvansyon ki deziyen pou ou an oswa Biwo Rejyonal OCC an epi pwen kontak sa yo disponib nan Avi Lis Benefisyè yo oswa nan Biwo Rejyonal OCC an epi nan Avi pou Sibvansyon an.

| **Remak:** |
|---|

* Espas sa kreye nan objektif pou li enkli nan Avi pou Sibvansyon estanda an epi li ap afiche nan trimès ki ap vin aprè yo.

# TÈM AK KONDISYON ADISYONÈL

Tèm ak Kondisyon Jeneral yo aplike ak tout pwogram sibvansyon obligatwa yo, sa ki genyen ladan l sibvansyon fòmil ak sibvansyon global yo, nan tèm dokiman sa a, epi yo disponib nan lyen sa: https://www.acf.hhs.gov/grants/mandatory-formula-block-and-entitlement-grants. Tèm ak Kondisyon Siplemantè sa yo se egzijans adisyonèl ki aplikab ak pwogram yo site pi wo an.

Lè l asepte sibvansyon pou pwogram sa, Ajans Prensipal la asepte pou li konfòme ak egzijans ki gen pou wè ak Tèm ak kondisyon Siplemantè ak Jeneral pou pwogram sa. Si yon antite pa konfòme li ak tèm ak kondisyon sa yo, sa kapab lakòz li pèdi opòtinite fon Federal yo epi yo kapab itilize sa pou rive nan anilasyon oswa sispansyon sibvansyon sa.

**Administrasyon pou Timoun ak Fanmi**
**Ellen Wheatley Biwo Sèvis Gadri pou Timoun**

## SIBVANSYON POU ESTABILIZASYON GADRI FON ESTABILIZASYON SÈVIS GADRI POU TIMOUN YO LWA SOU PLAN SEKOU AMERIKEN AN (AMERICAN RESCUE PLAN, ARP)

**Fon Sibvansyon pou Devlòpman ak Sèvis Gadri pou Timoun yo**

**Nimewo Anrejistreman Fon Asistans lan [93.575]**

## LEJISLASYON, LWA AK RÈGLEMAN APLIKAB YO

1. Administrasyon pwogram sa limite ak:
   - Egzijans Legal Lwa sou Plan Sekou Ameriken an (American Rescue Plan, ARP) [P.L. 117-2] (https://www.congress.gov/117/bills/hr1319/BILLS-117hr1319enr.pdf.
   - Lwa sou Sibvansyon Global pou Devlòpman ak Sèvis Gadri pou Timoun (Child Care and Development Block Grant, CCDBG) lan ak règleman ki konekte ak li yo
     a. Lwa CCDBG an defini legalman nan seksyon 42 U.S.C. §9857 *et seq*., an
     b. Règleman aplikasyon pwogram yo disponib nan Tit 45 CFR Pati 98 ak 99 (https://ecfr.federalregister.gov/current/title-45/subtitle-A/subchapter-A/part-98 and https://ecfr.federalregister.gov/current/title-45/subtitle-A/subchapter-A/part-99).
   - Dispozisyon plan aktyèl la ki gen apwobasyon gouvènman Eta, Teritwa oswa Tribi an, jan sa aplikab la, ansanm ak tout modifikasyon oswa revizyon ki apwouve yo.

2. Jan yo presize sa nan memorandòm enfòmasyon sou fon estabilizasyon sèvis gadri pou timoun yo daprè Lwa ARP an (ki disponib sou sit entènèt OCC an nan www.acf.hhs.gov/occ) fon sa yo limite ak tout egzijans non obligatwa CCDF yo, sof nan jan yo presize sa. Ajans Prensipal yo kapab itilize fon Estabilizasyon Sèvis Gadri yo pou distribiye sibvansyon segondè bay founisè sèvis gadri yo daprè kantite depans fonksyonnman aktyèl founisè an deklare li genyen. Yon founisè sèvis gadri pou timoun kapab itilize fon yo pou omwen youn nan aktivite ki pi ba yo:
   - Depans pou anplwaye yo, tankou pèman ak salè oswa konpasasyon ki sanblab pou yon anplwaye (tankou nenpòt pwopriyetè inik oswa kontraktan endepandan), avantaj pou anplwaye, pèman prim oswa depans pou rekritman ak prezèvasyon anplwaye.
   - Lwaye (tankou nan kad yon kontra lweyaj) oswa pèman yon obligasyon ipotèk, sèvis piblik oswa asirans; antretyen oswa amenajman oswa pwoteksyon asirans pou etablisman an.
   - Ekipman pwoteksyon pèsonèl, ekipman ak sèvis netwayaj ak ijyèn piblik, oswa fòmasyon ak devlòpman pwofesyonèl ki gen rapò ak pratik sante ak sekirite
   - Acha oswa mizajou ekipman ak founiti pou entèvni nan kad ijans piblik COVID-19 la.
   - Byen ak sèvis ki nesesè pou kontinye oswa pou rekòmanse ak sèvis gadri yo.
   - Sipò ki gen rapò ak sante mantal pou timoun ak anplwaye yo.

3. Egzijans Administrasyon pou Inifòm la, Prensip Depans yo, ak Egzijans Odit yo pou Sibvansyon HHS yo disponib nan Tit 45 CFR Pati 75 lan. Nan konfòmite ak Tit 45 CFR §75.101(d) lan, se sèlman seksyon limite règleman Federal ki nan Tit 45 CFR Pati 75 yo ki aplikab ak pwogram CCDF yo.
    - **Pati Segondè A an**, "Sig ak Definisyon yo", *kontibye aplikab.*
    - **Pati Segondè B an**, "Dispozisyon Jeneral yo", *kontinye aplikab.*
    - **Pati Segondè C an**, "Egzijans Anvan Sibvansyon yo", *Pa Aplikab* sof §75.202 ki ap rete aplikab ak ajans Federal Sibvansyon an.
    - **Pati Segondè D an**, "Egzijans Aprè Sibvansyon yo", *Pa Aplikab* sof §§75.351-.353 ap rete aplikab.
    - **Pati Segondè E an**, "Prensip Depans yo" *Pa aplikab* totalman, sof jan yo presize sa nan Tit 45 CFR §98.84.
    - **Pati Segondè F lan**, "Egzijans Odit yo," *kontinye aplikab* (ranplase dispozisyon nan Sikilè A-133 OMB an).

4. Pou konfòme ak Tit 45 CFR 87.2(b) an, dispozisyon règleman Federal ki nan **Tit 45 CFR Pati 87** yo pa aplikab ak pwogram CCDF yo totalman.

5. Gen lòt règleman aplikab ak egzijans adisyonèl ki disponib nan Tèm ak Kondisyon Jeneral Finansman an: Sibvansyon Fòmil, Global ak Dwa.

## PATAJ DEPANS OSWA KONTRIBISYON (PATAJ NON FEDERAL) OSWA FINANSMAN PWOGRAM

6. Yo dwe itilize fon yo pou konplete, men pa pou ranplase lòt fon piblik Federal, Eta an, lokal ki pwolonje pou ofri sèvis gadri pou timoun pou moun ki kalifye yo.

7. Yo pa kapab itilize fon sibvansyon sa yo pou reponn ak egzijans kontribisyon lòt pwogram sibvansyon Federal yo.

**Eta ak Teritwa yo**

8. Pou Eta ak Teritwa yo, yo distribiye fon Estabilizasyon pou pwogram sa yo ak yon pousantaj **100 pousan** Patisipasyon Finansye Federal (Federal Financial Participation, FFP) pou depans pwogram yo, sa ki vle di yon kontribisyon non federal nan finansman pwogram lan pa obligatwa pou pwogram sa (sètadi, pa gen kontribisyon Eta an oswa Teritwa an ki obligatwa).

**Tribi yo**

9. Pou Tribi yo, yo distribiye fon Estabilizasyon pou pwogram sa yo ak yon pousantaj **100 pousan** Patisipasyon Finansye Federal (Federal Financial Participation, FFP) pou depans pwogram yo, sa ki vle di yon kontribisyon non federal nan finansman pwogram lan pa obligatwa pou pwogram sa (sètadi, pa gen kontribisyon Tribi an ki obligatwa).

## RAPÒ AK EGZIJANS ENFÒMASYON FINANSYÈ

10. Fon federal yo distribiye nan kad sibvansyon sa yo dwe pwolonje pou rezon yo te bay yo an.

11. Pwosedi kontabilite ak fiskal chak moun ki resevwa sibvansyon yo dwe apwopriye pou pèmèt yo prepare rapò obligatwa yo ak suivi depans yo nan yon nivo ki nesesè pou detèmine si yo pa t itilize fon Federal yo nan vyolasyon tèm ak kondisyon yo.

12. Limit Depans Administratif yo.
    - Limit Depans Administratif regilye CCDF la (5 pousan pou Eta ak Teritwa yo, 15 pousan pou Tribi yo) pa aplike ak fon Estabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun daprè lwa ARP an.
    - **Eta ak Teritwa yo** dwe rezève omwen 10 pousan nan fon stabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun pou yo administre sibvansyon segondè yo, ofri asistans teknik ak sipò pou aplike nan epi jwenn aksè al opòtinite sibvansyon segondè an, afiche disponibilite sibvansyon segondè yo, vini ak aktivite pou ogmante òf sèvis gadri pou timoun lan, epi ofri asistans teknik pou ede founisè sèvis gadri pou timoun yo.

- **Tribi yo** dwe rezève omwen 20 pousan nan fon stabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun yo pou yo administre sibvansyon segondè yo, ofri asistans teknik ak sipò pou aplike nan epi jwenn aksè nan opòtinite sibvansyon segondè an, afiche disponibilite sibvansyon segondè yo, vini ak aktivite pou ogmante òf sèvis gadri pou timoun lan, epi ofri asistans teknik pou ede founisè sèvis gadri pou timoun yo. Kantite debaz CCDF yo ofri antanke fon estabilizasyon yo a antre nan kalkil kantite ki anba limit depans administratif sa.

13. Egzijans Depans Kalite yo (daprè Tit 658G of the CCDBG Act; 45 CFR 98,53) ak egzijans depans nan kad sèvis dirèk yo (daprè Tit 658E(c)(3)(D) and (E) nan lwa CCDBG an; 45 CFR 98.50(f) ak (g)) yo pa aplikab pou fon Estabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun.

14. Jesyon Rapò. Fon sa yo anba kontwòl egzijans jesyon rapò nan tout gouvènman an epi nan sa ki gen pou wè espesyalman ak CCDF. OCC pral bay plis direktiv nan sa ki gen pou wè ak egzijans nan kad jesyon rapò sou sit entènèt li an nan www.acf.hhs.gov/occ epi sou sit entènèt resous santralize ACF COVID-19 la nan https://www.acf.hhs.gov/coronavirus.

15. Dat limit Obligasyon/Likidasyon an.
    - Fon Estabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun yo dwe depanse anvan dat 30 Septanm 2022 an epi yo dwe likide anvan dat 30 Septanm 2023. ACF ap rekipere nenpòt fon federal ki sòti nan sibvansyon sa ki pa depanse oswa likide anvan dat limit ki afiche pi wo yo. Fon ki anba kontwòl Lwa ARP yo anba kouvèti pwosesis reyalokasyon an daprè Tit 45 CFR 98.64(b) an pou Eta yo ak Pòtoriko epi 45 CFR 98.64(d) pou Tribi yo. Epi tou, Eta an, Teritwa an, oswa Tribi an dwe fè ACF konnen si li pa kapab depanse omwen 50 pousan nan fon Estabilizasyon pou Sèvis Gadri pou Timoun lan anvan dat 11 desanm 2021.

## RAPÒ PWOGRAM LAN

16. Jesyon Rapò. Fon sa yo anba kontwòl egzijans jesyon rapò nan tout administrasyon an epi nan sa ki gen pou wè espesyalman ak CCDF. OCC pral bay plis direktiv sou egzijans rapò yo sou sit entènèt li an nan www.acf.hhs.gov/occ.

## RAPÒ SOU PWOPRIYETE REYÈL

17. OCC pral bay plis direktiv sou egzijans rapò sou pwopriyete reyèl yo sou sit entènèt li an nan www.acf.hhs.gov/occ. Direktiv sou Pwopriyete ACF lan disponib sou https://www.acf.hhs.gov/grants/real-property-and-tangible-personal-property.

## PERYÒD ANTRE ANVIGÈ

18. Tèm ak Kondisyon pwogram sa yo anplas nan dat ki afiche an nan maj la nan pati anba paj la epi li ap rete anvigè jiskaske yo mete l ajou. Yo ap mete yo ajou epi afiche yo yon lòt fwa sèlman nan fason sa nesesè an nenpòt lè yon nouvo lwa, règleman oswa egzijans ki gen pou wè ak yon pwogram vin an fonksyon oswa nenpòt lè yo amande, revize, modifye oswa youn nan lwa, règleman, politik, pwosedi oswa anile restriksyon Federal aplikab epi aktyèl yo.

## PWEN KONTAK YO

19. Ou dwe adrese pwen kontak pou enfòmasyon oswa kesyon adisyonèl konsènan swa fonksyonnman pwogram lan oswa zafè finansye oswa ki gen pou wè ak sibvansyon yo ak Espesyalis Sibvansyon ki deziyen pou ou an oswa Biwo Rejyonal OCC an epi pwen kontak sa yo disponib nan Avi pou Sibvansyon an.